

Bethesda Health, Inc. Regleman pou Asistans Finansye Yon Rezime Kondisyon de Kalifikasyon pou Pasyan

Misyon Bethesda se pou bay bon jan kalite sevis sante avek konpasyon. Kom li angaje pou sevi kominote-a, Bethesda Health, Inc, (BHI), chwazi pou bay asistans finansye ak/oswa swen charite a moun ki pa gen asirans e ki satisfè kondisyon espesifik selon Regleman Asistans Finansye de Bethesda Health, Inc. Pou moun ki kalifye pou Asistans Finansye, lopital-la pa-p chaje plis pase kantite lajan regilye, ke yo ta chaje pou swen ijans oswa lot swen medikal ki nesese.

Ki moun ki kalifye?

Pasyan san asirans ki gen revni pi ba pase 200% Nivo Povrete Federal-la (FPL), ka resevwa swen gratis pou sevis pa Bethesda Hospital East oswa Bethesda Hospital West. Pou pasyan ki pa satisfè espesifikasyon revni-yo, BHI ofri yon rabe tre jenere, lo ke pasyan ki kalifye peye pou pwop tet-yo, selon yon regleman ki rele, Peye pou Pwop Tet- ou ("Self-Pay") ak yon lot regleman ki rele, Peye Pri Fix, ("Flat Rate Services Prices").

Ki Kalite Asistans Ki Genyen?

BHI travay ak pwogram federal, leta, konte, e pwogram kominote pou bay asistans finansye a pasyan-yo pou sevis medikal ke yo resevwa nan etablisman BHI.

Pou yo konsidere yon pasyan pou asistans finansye, pasyan-an dwe kolabore ak Depatman Asistans Finansye-a pou founi enfomasyon e dokiman ki nesese pou aplike pou lot sous finans potansyel, tankou Medicaid, Enkapacite ("Disability") oswa Swen Sante Arondisman ("Health Care District"). Asistans finansye ap disponib selman si pasyan-an pa kalifye pou yon lot sous finans, e si pasyan-an kalifye kom yon Endijan. Pasyan-an ak/oswa moun ka-p bay garanti pou peman pral responsab pou ranpli aplikasyon asistans finansye-a e li gen pou bay tout dokiman pou verifye revni ak byen-li ki nesese pou yo detemine si pasyan-an kalifye pou asistans finansye.

Kouman pou mwen Jwenn Lot Enfomasyon e Aplike pou Asistans?

Opsyon-yo ki ekri anba-la, ap disponib pou ou ka mande pou plis enfomasyon, resevwa yon kopi gratis de Regleman sou Asistans Finansye, oswa yon Aplikasyon pou Asistans Finansye, oswa pou aplike pou asistans:

- Reyini ak yon Konseye Finansye le ou vizite Depatman Asistans Finansye nan klinik Genesis nan Bethesda Hospital East nan 2815 S. Seacrest Boulevard, Boynton Beach, FL 33435. Lendi a vandredi 7:00 am - 5:00 pm
- Pale ak yon Konseye Finansye le ou rele 561-737-7733 ekstansyon 84671
- Ale nan sit entenet-nou-an, nan: bethesdaweb.com
- Mande enfomasyon alekri, oswa poste yon aplikasyon nan Bethesda Hospital East, 2815 South Seacrest Boulevard, Boynton Beach, FL 33435

Le ou mande, rezime-sa-a, Aplikasyon pou Asistans Finansye e Regleman sou Asistans Finansye, disponib pou-ou, nan panyol e nan angle, gratis.